# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–21 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

ब्रह्मलीन महंत दिग्विजयनाथ क पचपनवां अउर महंत अवेद्यनाथ क दसवां पुण्यतिथि पर साप्ताहिक सरधांजलि समारोह आजु पूरा हो गइल। समारोह के आखिरी दिन्ने महंत अवेद्यनाथ क पुण्यतिथि पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सरधा–सुमन अरपित करत कहलें कि जातीय विभेद, छुआछूत आ अस्पृस्यता के नाते जब ले सामाजिक एकजुटता नाहीं होई तबले, राष्ट्रीय एकता के चुनौती मिलत रही। येही से भारत क मार्गदरसक संत परम्परा समाज के जोड़ले क सनेसा दिहले हौ। मुख्यमंत्री महंत अवेद्यनाथ के व्यक्तित्व अउर कृतित्व पर रोसनी डारलें। गोरखपुर क सदर सांसद रवि किशनो समारोह के सम्बोधित कइलें।

मुख्यमंत्री आजु भिन्नहीं जनता दरसन कार्यक्रम में लोगिन क समेस्या सुनलें अउर ओकर परभावी निस्तारण क निरदेस दिहलें। उहां के गोरखपुर विश्वविद्यालय में कार्पोरेट सोशल रिस्पांसबिलिटी कार्यक्रम के तहत सैमसंग नवाचार परिसर के विद्यार्थियन के दीक्षांत समारोहो के सम्बोधित कइलीं।

**********

चिकित्सा विज्ञान संस्थान आईएमएस बीएचयू के आयुर्वेद संकाय की ओरि से आयोजित दुइ दिन क राष्ट्रीय संगोस्ठी में देस क पूर्व राष्ट्रपति रामनाथ कोविंद तिरूपति बालाजी के प्रसादम के मुद्दा पर चिंता जतावत कहलें कि मिलावट के हिन्दू सास्त्रन में पाप कहल गइल हौ। ई एगो सोचे वाला बिसय हौ।

ओहर, बनारस क जिला प्रसासन काशी विश्वनाथ मंदिर के लड्डुअन पर खास धियान दे रहल हौ। ओहवां क एसडीएम आजु लड्डू बनवले के सज्जो प्रक्रिया क जांचि कइलें।

**********

मोदी सरकार अपने इतिहासिक तिसरका कार्यकाल क सौ दिन पूरा कइ लिहले हवे। येह दौरान सरकार मध्यम वर्ग, संरचना, किसानन, महिला अउर नौजवानन पर धियान देत पनरह लाख करोड़ रूपिया क परियोजना सुरू कइले हौ। सरकार मध्यम वर्ग बदे कई गो कदम उठवले हौ। सात लाख तक क आमदनी पर अब कउनों टेक्स नाहीं देवे के होई, जेहसे करोड़ो लोगिन क फायदा होई। सरकार तेइस लाख केन्द्रीय करमचारियन के यूनिफाइड पिनसिनि स्कीम के तहत पचास फीसदी पिनसिनियो देवे क भरोसा दिहले हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के व्यक्तित्व अउर कृतित्व पर आधारित पर एगो चित्र प्रदर्सनी आजु बनारस के क्वींस इंटर कॉलेज में सुरू भइल। दुइ अक्टूबर ले चले वाले प्रदर्सनी क सुरूआत करत जिला क प्रभारी मंत्री सुरेश कुमार खन्ना कहलें कि ई चित्रन के जरिया से पिछला दस बरिस में बदलति भारत का जउन तसबीर पेस कइल गइल हौ। ऊ लोगिन के गौरवान्वित करी।

**********

अजोध्या में राम मंदिर निरमाण के बाद पर्यटन अउर निवेस क मौका बढ़ावे क सिलसिला में इमर्जिंग अयोध्या बिसय पर ईको टूरिज्म विकास बोर्ड अउर एसोसिएटेड चौंबर्स ऑफ कॉमर्स एंड इंडस्ट्री ऑफ इंडिया के संयुक्त तत्वावदान में बइठकी भइल, जेकरे पहिला सत्र में कमिस्नर गौरव दयाल अउर महापौर गिरीश पति त्रिपाठी के सथहीं कई अउरियो सीनियर अधिकारी सामिल भइलें। बइठकी में लखनऊ क उद्योगपति, डॉक्टर अउर सोलर एनर्जी से जुड़ल कम्पनियन क सीईओ हिस्सा लिहलें। बइठकी में अजोध्या के सोलर सिटी बनवने के रोडमैप पर खास चरचा भइल।

**********

औरेया जिला में आगरा–लखनऊ एक्सप्रेस वे पर एटवा कटरा थाना क्षेत्र क हरनागरपुर गांव के लग्गे आगरा से लखनऊ जा रहलि एगो तेज रफ्तार कार सड़क पर खड़ा डंफर से टकरा गइल। हादसा में चालक समेत कार में सवार दू महिला आ एगो लइका क मउति हो गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ हादसा क संज्ञान लेत जिला प्रसासन के जरूरि सहयोग क निरदेस दिहले हवन।

**********

स्वच्छता ही सेवा पखवाड़ा के तहत केंद्र सरकार में वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी आजु महराजगंज जिला क सदर विधानसभा क्षेत्र के राम जानकी मंदिर परिसर में साफ–सफाई कइलें। येह मौका पर स्थानीय विधायक जयमंगल कन्नौजिया के सथहीं सैकड़ो लोगि केन्द्रीय मंत्री के अगुआई में पौधा लगवलें।

ओहर, नमामि गंगे अभियान में आजु बनारस जिला के श्री वल्लभ विद्यापीठ बालिका इंटर कॉलेज भैरोनाथ क लइकिन के स्वच्छता क पाठ पढावल गइल अउर स्वच्छता के स्वभाव अउर संस्कार के रूप में अपनवले क अपीलि कइल गइल।

**********

एयर मार्शल अमर प्रीत सिंह देस क अगिला वायु सेना प्रमुख होइहें। अबहिन उहां के वायु सेना क उप प्रमुख हइं। ऊ एह महिन्ना के तीस तारीख के दुपहरिया में एयर चीफ मार्शल विवेक राम चौधरी से वायु सेना प्रमुख क पद ग्रहण करिहें।

**********